

Lè wap chèche lojman.

Konsève enfòmasyon sa yo:

- Tout dat ak lè kontak yo
- Non moun nan ak/oswa konpayi ou te pale avè l la
- Adrès pwopriyete a, sa ki gen ladan nimewo apatman w lan
- Enfòmasyon sou tout apatman yo ofri w
- Detay sou nenpòt pawòl yo te di w ki gen rapò ak klas pwoteje ou ye a
- (sètadi, kesyon sou laj pitit ou oswa sous revni w)

SONJE: konsève tout Imèl ak mesaj tèks ou te voye oswa ou te resevwa nan men yon founisè lojman!

Aksè ak lojman san patipri se dwa w!

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope kominate ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sensibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Si w kontakte SCFH pou pote plent, nou ka:

- Fè yon entèvyou pou n jwenn enfòmasyon yo
- Fè ankèt sou plent ou an
- Egzamine rezulta ankèt la avè w epi diskite sou opsyon w yo
- Ede w pote yon plent
- Ofri avoka pou viktim diskriminasyon nan kesyon lojman

Pou plis enfòmasyon, pou pran randevou pou yon fòmasyon lojman pou tout moun, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite southcoastfairhousing.org oswa voye yon imèl nan info@southcoastfairhousing.org.



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

SouthCoast Fair Housing

257 Union Street
New Bedford, MA 02740
(774) 473-9994

1005 Main Street, Suite 1210
Pawtucket, RI 02860
(401) 285-2550

SouthCoastFairHousing.org

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou publikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini. Depatman lojman ak devlopman kominotè. Kontni ak rezulta travay la se pou publik la. Sèl responsabilite moun ki ekri l la ak moun ki pibliye l la se se veye presizyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan publikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesesèman reflete opinyon gouvènman federal la.



**LOJMAN POU TOUT MOUN
POU MOUN K AP
REKIPERE YO ANBA
PWOBLEM YO TE POU
KITE DWÒG AK ALKÒL**

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akòz ras, koulè, reliyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sitiyasyon familyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

Iaj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta civil • resevwa èd Ieta * (pa egzanp, koupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman* (pa egzanp, Seksyon 8) • jetetik* • estati kòm viktim vyolans domestik :)

* Massachusetts sèlman • t Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyetè. Pwopriyetè, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyetè kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.



SA LALWA ENTÈDI

Lwa lojman san patipri yo entèdi aksyon tankou refize yon moun lojman, limite aksè ak lojman, dekoraje moun k ap chèche kay, fè oswa pibliye deklarasyon ki gen diskriminasyon, oswa kreye règ ki diferan, frè oswa kritè akòz yon moun se manm yon klas pwoteje.

Pwopriyetè yo, ak lòt founisè lojman pa ka fè diskriminasyon kont yon moun k ap chèche lojman paske yo kwè moun nan ap rekipere I oswa paske, an royalite, moun nan ap rekipere I a anba pwoblèm li te gen pou kite dwòg oswa alkòl.

EGZANP AKTIVITE KI ILEGAL

Pwopriyetè yo ak lòt founisè lojman pa dwe:

- refize Iwe oswa vann yon moun ki te gen pwoblèm ak dwòg oswa lòt sibstans ki ilegal, men moun sa a pa itilize bagay sa yo ankò;
- mande plis enfòmasyon pase sa yo ta dwe mande nenpòt lòt moun ki ta ka yon lokatè;
- mande enfòmasyon sou tretman medikal oswa si moun nan kapab viv poukout li;
- enpoze differan règ ak kondisyon paske yon moun oswa yon gwoup ap rekipere I akòz pwoblèm li gen pou kite dwòg oswa alkòl.

ÈSKE SE TOUT FOURNISSE LOJMAN LWA SA YO KONSÈNE?

Non. Lwa federal lojman pou tout moun fè eksepsyon pou pwopriyetè ki abite nan yon bilding yo Iwe ki gen kat apatman oswa mwens. Daprè lwa lojman san patipri nan Massachusetts ak Rhode Island gen kèk eksepsyon ki aplikab tou. Sepandan, ka gen lòt lwa ki aplikap pou yon pwopriyetè byen presi.

SANT DAKÈY OSWA SANT DEZENTOKSIKASYON

Lwa eta a ak lwa federal lojman pou tout moun nan pwoteje kont diskriminasyon sant dakèy ak sant dezentoksikasyon pou moun k ap rekipere yo akòz pwoblèm yo te gen pou yo kite dwòg oswa alkòl.

Vil yo, ti bouk yo, manm komisyon ibanis yo, biwo sante yo, oswa lòt moun ki enplike nan dirije vil la oswa ti bouk la pa kapab:

- refize bay yon pèmi lokatè pou yon sant dakèy oswa yon sant dezentoksikasyon sèlman paske li pral loje moun k ap rekipere yo;
- mande yo fè enspeksyon sante oswa enspeksyon pou prevansyon kont dife pi souvan nan sant dakèy la oswa yon sant dezentoksikasyon pase nan lojman pou yon moun oswa fanmi;
- egzije sant dakèy la oswa yon sant dezentoksikasyon an pou yo konfòme yo ak yon seri règ tankou "chanm senp", règ ki gen rapò ak dife, oswa règ konsènan lokatè yo.

Meri yo dwe trete sant dakèy ak sant dezentoksikasyon pou moun k ap rekipere yo akòz pwoblèm yo te gen pou yo kite dwòg oswa alkòl menm jan yo ta trete kay ki gen yon sèl fanmi.

LOJMAN SAN PATIPRI POU MOUN K AP REKIPERE YO

Lwa lojman san patipri leta federal ni eta a entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman akòz yon andikap. **Definisyon andikap la gen ladan I moun k ap rekipere yo akòz pwoblèm yo te gen pou yo kite dwòg oswa alkòl.** Lalwa pa pwoteje moun ki toujou ap itilize dwòg ak lòt sibstans yon fason ilegal. Si yo refize yon moun yon lojman paske yo te pè oswa akòz prejje yo gen anvè moun k ap rekipere yo, founisè lojman ap adopte yon konpòtman ki kont lalwa epi I ap vyole lwa konsènan lojman san patipri yo.